

ENSTALASYON SISTÈM SOLÈ AK SISTÈM TWATI EKOLOJIK SOU BATIMAN YO NAN VIL NOUYÒK

Kisa sistèm solè ak sistèm twati ekolojik ye?

Enèji solè se yon sous elekrisite fyab, renouvlab ki diminye demann sou rezo elekririk Vil Nouyòk la. Panno solè yo pwodui elekrisite oswa yo kapab absòbe enèji tèmik pou yo itilize l. Twati ekolojik yo gen vejetasyon ki absòbe epi filtre dlo lapli epi yo redwi efè chalè zile a (kote anviwònman iben yo ka fè pi cho pase zòn ki antoure l yo).

Ki avantaj sistèm twati solè ak twati ekolojik yo genyen?

- Panno solè diminye kou elekrisite ak polisyon lè lokal yo
- Twati ekolojik yo konbat efè chalè zile a e li kreye abita
- Twati ekolojik yo ralanti epi trete dlo k ap koule
- Panno solè yo ka ede fè respekte Lwa Lokal 97 (Local Law 97, LL97) la sou emisyon gaz yo
- Pwogram rediksyon taks sou twati ekolojik*
- Pwogram rediksyon taks sou enèji solè*

Kisa egzijans ki nan Kòd sou Konstriksyon yo ye?

Kòd sou Konstriksyon an egzije yon Espas Twati Dirab, 100% ladan l dwe genyen yon sistèm pwodiksyon elekrisite pa enèji solè fotovòltayik, yon sistèm twati ekolojik, oswa yon konbinezon toulède. Espas sa a dwe prepare sou (i) nouvo batiman yo, (ii) nouvo twati ki lye ak agrandisman batiman ki egziste deja yo, ak (iii) batiman ki deja egziste k ap ranplase totalman yon twati teras ki te egziste deja oswa yon ansanm twati. Eksepsyon yo enkli espas ke estrikti twati tankou ekipman mekanik ak wout aksè nan ka ensandi yo okipe.

Pou jwenn lis konplè eksepsyon yo, gade [Seksyon 1512.2 Kòd sou Konstriksyon \(Building Code, BC Section 1512.2\)](#) an oswa [Bilten Konstriksyon 2019-010 \(Buildings Bulletin 2019-010\)](#).

Apati dat 15 novanm 2023, yo mande pou depo demann pou Twati Solè ak Ekolojik yo fèt nan Depatman pou Konstriksyon (Department of Buildings, DOB NOW). Konekte sou nyc.gov/dobnow, seleksyone +Aplikasyon pou Travay (Job Filing) epi chwazi Alterasyon (Alteration). Seleksyone Tip Travay la Twati Enèji Solè oswa Twati Ekolojik. Ou kapab seleksyone tip travay sa yo tou pou demann ki vin apre pou Nouvo Konstriksyon (New Building, NB) oswa Alterasyon Sètifikasyon Okipasyon (Alteration Certificate of Occupancy, Alt-CO).

Depo Demann Enèji Solè nan DOB NOW

Li pa nesèsè pou depo demann pou enèji solè sètifye yon fason pwofesyonèl, epi objeksyon yo pa ka sètifye yon fason pwofesyonèl. Tout depo demann pou enèji solè yo pral dwe akonpaye ak yon aplikasyon pou pèmi konstriksyon ke yon elekrisyen ki gen lisans nan DOB NOW soumèt. Kategori Travay sou depo demann Elekririk ki asosye a dwe se **Enstalasyon Sistèm Enèji Dirab** (ki liste selon Other) e Tip Dirab la dwe se **Foto Vòltayik**. Antre depo demann Travay Elekririk ki asosye a nan Nimewo Travay DOB NOW/Rechèch Enfòmasyon sou Konstriksyon (Building Information Search, BIS) ki lye a sou pèmi Aplikasyon Plan/Travay (Plan/Work Application, PW1) la. Pèmi pou enèji Solè a p ap delivre toutotan yo pa delivre pèmi pou travay Elekririk lan.

Rediksyon Taks sou Pwopriyete

Demann pou yon Rediksyon Taks sou Pwopriyete nan Eta New York yo pral soumèt antanke fè pati depo demann pou Enèji Solè oswa Twati Ekolojik la nan DOB NOW. Si aplikan an reponn Wi pou nouvo kesyon nan sou PW1 an – *Èske w ap bay enfòmasyon sou rediksyon taks sou pwopriyete ansanm ak depo demann sa a?* Wi oswa Non – yon nouvo fenèt pou rediksyon taks pral parèt. Li pa nesèsè ankò pou fè soumisyon yon fòmilè an papyè separe pou Aplikasyon pou Rediksyon Taks sou Pwopriyete ak Akò pou Enstalasyon Twati Ekolojik (PTA3) oswa Aplikasyon pou Rediksyon Taks sou Pwopriyete ak Akò pou Sistèm k ap Jenere Enèji Solè (PTA4).

Enfòmasyon Adisyonèl

Revize [1 RCNY 105-02](#) pou pwosedi ak egzijans yo pou yon aplikasyon pou rediksyon taks sou pwopriyete pou enstalasyon yon sistèm pwodiksyon elekrisite pa enèji solè.